Malmouton (Mumps)

Kesyon yo poze souvan

Kisa malmouton ye?

Malmouton se yon maladi yon viris lakòz. Li fè youn oswa plizyè glann salivè parotid yo anfle. Glann sa yo sitiye nan machwè yo, toupre liy machwè a ak anba zòrèy yo.

Kimoun ki ka trape malmouton?

Nenpòt moun ki pa janm gen malmouton oswa ki pa vaksinen ka trape maladi a. Malmouton pi souvan rive lakay timoun, men granmoun ka enfekte tou. Granmoun yo gen plis chans pou yo fè konplikasyon, epi plis pase mwatye nan lanmò ki gen rapò ak malmouton rive lakay moun ki gen plis pase 19 an. Malmouton toujou egziste atravè lemond, espesyalman nan zòn kote pousantaj vaksinasyon yo ba.

Kijan moun trape malmouton?

Malmouton gaye soti nan yon moun pou rive sou yon lòt moun. Se sèlman moun yo konnen ki ka pote viris sa a. Lè yon moun ki enfekte pale, touse oswa etènye, viris la lage nan lè a epi li ka antre nan kò yon lòt moun atravè nen, bouch oswa gòj. Moun ka enfekte tou lè yo gen kontak dirèk ak saliv oswa larim yon moun ki enfekte.

Ki sentòm malmouton yo?

Sentòm yo ka gen ladan:

- Lafyèv
- Tèt fè mal
- Doulè nan misk
- Fatig
- Pèt apeti
- Anflamasyon glann salivè parotid yo

Èske gen konplikasyon ak malmouton?

Malmouton anjeneral se yon maladi lejè, espesyalman lakay timoun. Granmoun yo gen plis chans pou yo fè konplikasyon.
Malgre sa ra, konplikasyon yo ka gen ladan:

- Anflamasyon sèvo a oswa tisi ki antoure li (ansefalit oswa menenjit)
- Anflamasyon tèstikil yo (orkit)
- Anflamasyon ovè yo ak/oswa tete yo
- Pèt tande ki ka pèmanan

Kijan yo dyagnostike malmouton?

Yon pwofesyonèl swen sante dyagnostike malmouton lè li evalye sentòm yo epi li konfime enfeksyon an ak tès laboratwa.

Ki tretman pou malmouton?

Pa gen okenn gerizon espesifik pou malmouton. Tretman an konsantre sou soulaje sentòm yo, tankou repo, bwè anpil likid, ak diminye lafyèv. Pifò moun geri poukont yo.

Kijan yo ka anpeche malmouton?

Malmouton se yon maladi vaksen ka anpeche. Pi bon pwoteksyon an se vaksinasyon.

Vaksen kont malmouton an bay kòm yon pati nan vaksen MMR (lawoujòl, malmouton ak ribeyòl) dapre yon pwogram de dòz:

- Premye dòz la a 12 mwa
- Dezyèm dòz la a laj 4–6 an

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou malmouton?

- Founisè swen sante
- Depatman sante lokal yo: localhealth.nj.gov
- Depatman Sante New Jersey: nj.gov/health
- National Foundation for Infectious Diseases: nfid.org/infectious-disease/mumps/

Enfòmasyon sa a gen entansyon pou rezon edikatif sèlman epi yo pa gen entansyon ranplase konsiltasyon ak yon pwofesyonèl swen sante.